# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–03 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बीआरडी मेडिकल कॉलेज में पचपन करोड़ रूपिया से जियादे क विकास परियोजना क नेई धइलें अउर लोकार्पण कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री स्वामी विवेकानन्द युवा सशक्तिकरण अभियान के तहत एमबीबीएस अउर पैरामेडिकल विद्यार्थियन के चार सौ तिरासी टैबलेट अउर स्मार्टफोन बटलें। ऐह कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार राज्य के सज्जों लोगिन के स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करावे बदे प्रतिबद्ध हवे। आयुष्मान योजना अउर मुख्यमंत्री राहत कोष के जरिए प्रदेस के करोड़ो लोगिन क इलाज सुनिश्चित कइल गइल हवे। उहां के मेडिकल कॉलेज के विद्यार्थियन से चिकित्सीय प्रतिष्ठा बनावल रखले क अपील करत कहलीं कि आप लोग अपना के जनता के सेवा बदे समर्पित भाव से तैयार करीं।

**********

सुप्रीम कोर्ट कहले हवे कि नीट यूजी दुइ हजार चौबीस परीक्षा के येह लिए रद्द नाहीं कइल गइल काहें से कि एकरे सुचिता में कवनों प्रणालीगत चूक नाहीं पावल गइल। पेपर लीक खाली पटना अउर हजारीबाग ले सीमित रहल। मुख्य न्यायाधीश डी0वाई0 चन्द्रचूड़, जस्टिस जेबी पारदीवाला अउर न्यायमूर्ति मनोज मिश्रा क पीठ तेइस जुलाई के सुनावल गइल। आदेस में कहलस कि राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए के आपन ढुलमुल रवैया बंद करे के चाही काहे से कि ई छात्रन के हित में नइखे। पीठ कई गो निर्देस जारी कइलस सथहीं एनटीए के कामकाज क समीक्षा करे अउर परीक्षा में सुधार क सिफारिस करे खातिर इसरो के प्रमुख के0 राधाकृष्णन के अध्यक्षता में केन्द्र की ओर से बनावल गइल समीति के दायरा क विस्तार कइलस। येह में कहल कइल कि समिति क दायरा बढ़ावल गइल हउवे येह नाते समिति परीक्षा प्रणाली में कमी के दूर करे खातिर विभिन्न उपायन पर आपन रिपोर्ट तीस सितंबर ले प्रस्तुत करे।

**********

बनारस में बिहने चार अगस्त से एक्कीस अगस्त ले अग्निवीर सेना भर्ती क आयोजन कइल जा रहल हवे। जिला के रणबांकुरे स्टेडियम में आयोजित होखे वाली येह रैली में उहे अभ्यर्थी हिस्सा लिहें जवन लोगि पछिला अप्रैल महिन्ना में आयोजित ऑनलाइन कॉमन इन्ट्रेंस इंतिहान पास कइ लिहले हवें। ई भर्ती अग्निवीर जीडी, अग्निवीर टेक्निकल अउर अग्निवीर ट्रेड्समैन श्रेणी के रिक्तियन खातिर कइल जा रहल हवे। येह रैली में मऊ, बलिया, आजमगढ़, देउरिया, गोरखपुर, गाजीपुर, संतरविदास नगर , सोनभद्र, मिर्जापुर, चंदौली, जौनपुर अउर बनारस क अभ्यर्थी हिस्सा लीहे। अभ्यर्थियन क प्रवेश पत्र जारी कइल जा चुकल हवे।

**********

प्रदेस क गन्ना विकास अउर चीनी उद्योग राज्य मंत्री संजय सिंह गंगवार कहले हवें कि गन्ना आपूर्ति बदे तीस सितम्बर ले बन्ना विकास सहकारी समितियन की ओरि से ऑनलाइन के जरिये सदस्य बनावल जाई। राज्यमंत्री कहलें कि पूरा प्रदेस में गन्ना किसानन के समिति क सदस्यता दियावे बदे सदस्यता अभियान चलावल जा रहल हवे। आजु पीलीभीत में विभागीय अधिकारियन के साथे आयोजित समीक्षा बइठकी में उहां के बतवलीं कि येह अभियान में सज्जो जिला गन्ना अधिकारी ज्येष्ठ गन्ना विकास निरीक्षक सचिव सहकारी गन्ना विकास समिति, गन्ना प्रर्यवेक्षक अउर सज्जो चीनी मिलन के अधिकारियन अउर करमचारियन के लगावल गइल हवे। उहां के कहलीं कि सदस्य बने खातिर किसानन के ऑनलाइन पंजीकरण करावे के होई। येह कार में किसानन के मददि खातिर गन्ना विकास समिति अउर चीनी मिलन पर किसान सहायता स्थापित कइल गइल हवे। उहां के बतवलीं कि इच्छुक गन्ना किसानन के सदस्य बने बदे सुल्क के रूप में खाली एक्कइसे रूपिया देवे के होई।

**********

भारत अउर नेपाल के सम्बन्ध में अउरियो मजबूत कइले के उद्देस्य से नेपाल के बुद्ध एयरलाइंस की ओरि से काशी से काठमाण्डू ले एयरलाइंस सेवा सुरू कइल गइल हवे। वाराणसी के हवाई अड्डा पर संवाददाता लोगिन से बतियावत बुद्ध एयरलाइंस क निदेसक रूपेश जोशी बतवलें कि वाराणसी–काठमाण्डू सोझे विमान सेवा हप्ता में तीनि दिन सोम, बुध आ सुक्क के चली।

**********

बरखा अउर कई गो बैराजन से छोड़ल जा रहल पानी के नाते प्रदेस के कई गो नदियन क जलस्तर बढ़ले क खबरि हवे। उत्तराखण्ड में बादर फटले के घटना के बाद हरिद्वार अउर बिजनौर बैराज से पानी छोड़ले के नाते बदायूं में कछला गंगा नदी क जलस्तर तेजी से बढ़ि रहल हवे। प्रसासन एके ले के हाई अलर्ट जारी करत सावधानी रखले क दिसा–निरदेस दिहले हवे। बस्ती जिला में घाघरा नदी के घटत जलस्तर के नाते बंधा में कटान सुरू हो गइल बाटे। कटानि के नाते करीब सौ बिगहा जमीनि फसिलि के सथहीं नदी में समा गइल हवे। ओहर प्रदेस के कई गो जिलन में रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हवे। जौनपुर में तेज आन्हीं के साथे रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से मकई, रहरि जइसन फसिलि के नोकसान होखे लागल बा। मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में अगिला दुइ दिन ले तेज बेयारि के साथे रूकि–रूकि के बरखा भइले क पूर्वानुमान जतवले हवे।

**********

लखनऊ मेल स्वतंत्रता दिवस से चारबाग रेलवे स्टेसन से चले लागी। उत्तर रेलवे प्रसासन की ओरि से एकरे चलवले क आदेस जारी कै दिहल गइल हवे। पनरह अगस्त के पहिली बेरि छौ सालि बाद यात्रियन के ले के ई ट्रेन चारबाग रेलवे स्टेसन से नई दिल्ली खातिर रवाना होई। अबले ई ट्रेन लखनऊ जंक्सन से रोज राति दस बजे दिल्ली खातिर रवाना होत रहे।

**********